



1^{re} Mas 2021

Maggie Schmitt, Kowòdonatris Renouvèlman Iben ak Relokalizasyon
Commonwealth of Massachusetts
Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè
100 Cambridge Street, Suite 300
Boston, MA 02114

Referans: Pwopozisyon BPDA osijè Plan Renouvèlman Iben Boston 14

Chè Madam. Schmitt:

An rapò avèk lèt Depatman Lojman ak Devlopman Kominotè [Department of Housing and Community Development's (DHCD)] a Otorite Redevlopman Boston [Boston Redevelopment Authority] (kounye a kap fè biznis tankou Ajans Devlopman & Planifikasyon Boston [Boston Planning & Development Agency]) sou non, "BPDA" a ki date 3 Out 2016, osijè apwobasyon katòz (14) ekstansyon Plan Renouvèlman Iben Boston [Boston Urban Renewal] ("Lèt Apwobasyon DHCD a",) BPDA soumèt nan DHCD pwopozisyon ki atache a.

Lèt apwobasyon DHCD a spesifye sèten kondisyon ki obligatwa pou BPDA swiv osijè apwobasyon DHCD. Jan li spesifye nan Lèt Apwobasyon DHCD, sou kondisyon 3, BPDA gen obligasyon pou, "Nan lespas 3 ane apati dat apwobasyon an, BRA pral soumèt nan DHCD yon pwopozisyon pou sa BRA gen entansyon fè avèk Plan Renouvèlman Iben l pandan rès ane ki rete nan ekstansyon sizan an..."

BPDA a soumèt pwopozisyon ki atache a an konfòmite avèk Lèt apwobasyon DHCD ansanm avèk ekstansyon ki vin annaprè yo. Daprè pwopozisyon ki atache a, BPDA a ap soumèt pwopozisyon final li osijè Plan Renouvèlman Iben Boston 14 ki nan dokiman sa, apre ou fin konplete angajman kominotè inisyal la sou avni ki pwopoze nan tout Plan renouvèlman Iben yo. Tanpri pa ezite pou kontakte m si ou gen nenpòt kesyon osijè lèt sa a ak pwopozisyon an.

Kòdyalman,

Christopher Breen, Manadjè Renouvèlman Iben


Kopi konfòm pa imèl:

Sou-sekretè Jennifer Maddox, DHCD
Roberta Rubin, Avoka Jeneral Anchèf, DHCD
Brian Golden, Direktè, BPDA
Renee LeFevre, Avoka Jeneral, BPDA

Boston Redevelopment Authority (D/B/A Boston Planning & Development Agency)

1 City Hall Square | Boston, MA 02201 | BostonPlans.org | T 617.722.4300 | F 617.248.1937
Martin J. Walsh, Mayor | Brian P. Golden, Director

Urban Renewal Areas Expected to Sunset by **2022 - 2030**



Zòn Renouvèlman Iben prevwa pou Sunset nan 2022-2030					
Sunset nan 2022	CBD: Boylston Essex	CBD: School Franklin	Park Plaza	Kittredge Square	
Sunset nan 2024	Brunswick - King	CBD: Estasyon Sid	Fenway		
Sunset nan 2026	Campus High School	South Cove			
Sunset nan 2030	Charlestown	Bòdmè Anba lavi- Faneuil Hall	Sant Gouvènman	South End	Washington Park